

Chè Rezidan,

Biwo Administrasyon Pwopriyete Ajans Lojman Vil New York la (NYCHA Property Management Offices) louvri, men pou nou enpleman pwotokòl distans sosyal la piplis, nou diminye sou kantite anplwaye ki nan chak biwo epi nou sispann reyinyon fas-a-fas dirèk ant anplwaye ak rezidan.

Anplwaye Biwo Administrasyon an pral kontinye ede rezidan yo pa telefòn, pa imèl epi atravè randevou pwograme pou pale ak anplwaye ki chita dèyè biwo resepsyon an.

Biwo Administrasyon Pwopriyete yo pral aksepte dokiman moun pote nan biwo a oswa ke yo voye pa imèl; anplwaye yo ap disponib pou diskite enfòmasyon konfidansyèl pa telefòn oswa nan biwo a; yo pral aksepte avi sou entansyon pou kite lokal yo ak remèt kle yo, ak demann pou chanjman silenn/bwat postal oswa pou doub kle; epi yo pral aksepte repons pou Avi Anyèl sou Griyaj Pwoteksyon pou Fenèt (Annual Window Guard Notice) ak Kesyonè sou Timoun ki gen Mwens Ke 6zan (Child Under 6 Survey).

Pa p gen okenn kòlèk pou lajan lwaye k ap fèt fas-a-fas. Se pou nou peye lwaye a pa lapòs, nan telefòn, atravè aplikasyon MyNYCHA a, ak sou entènèt la pa lentèmedyè bank otorize. Si w gen enkyetid konsènan peman lwaye w la oswa si w gen pwoblèm lajan, tanpri al gade nan <https://nychajournal.nyc/guidance-to-public-housing-residents-on-rent-hardships/> pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ou kapab kalifye pou yo a.

Mizajou sou Sèvis Devlopman NYCHA

Byenke nou kanpe tout sispansyon sèvis nou te planifye pou chofaj, dlo cho, ak dlo jiska nouvèlòd, **ekip espesyal pou chofaj ak asansè, ansanm ak lòt ekip dijans yo, ap kontinye bay sèvis ak fè reparasyon 24 sou 24, 7 jou sou 7.**

Anplwaye NYCHA yo pral kontinye fè **reparasyon ak antretyen ANN IJANS** yo nan apatman yo.

- N ap reponn demann pou sèvis **ANN IJANS** yo, ki gen ladan yo **sitiyasyon kote pa gen chofaj ak dlo cho, fwit dlo, fwit gaz, pwoblèm inondasyon, enteripsyon, pwoblèm elektrik, ak sitiyasyon ki danjere.**
- Nou pral reponn demann pou sèvis yo pou n korije pwoblèm espesifik sa yo: Pa gen kouran nan tout apatman an; kouran pasyèl ki afekte kizin oswa twalèt yo; pa gen kouran elektrik pou ekipman ki pou kenbe moun anvi; plaka k ap dekole sot sou mi yo; enfestasyon bèt nwizib; fou oswa frijidè ki pa mache; detektè lafimen/monoksid kabòn ki pa mache; pa genyen pwoteksyon pou fenèt/oswa li lach; pòt apatman an pa mache.
- Nou pral travay sou asenisman pou elijmine plon, epi nou pral kolekte echantiyon chifon pousyè sèlman nan inite ki nan 92 devlopman kote nou sipoze genyen penti abaz plon epi gen yon timoun ki gen mwens ke laj 6 lane ki abite la oswa ki vin an vizit ak/oswa si gen yon rezilta pozitif tès XRF kit gen yon timoun ki gen mwens ke laj 6 lane ou non ki abite la oswa ki vin an vizit.

- Nou pral egzekite demann pou sèvis ki fèt akòz yon lòd tribinal, yon lòd komisyonè pou bese yon pwoblèm ki genyen oswa pou lòt vyolasyon, oswa atravè pwòp pwosesis konfòmite nou.

Rezidan yo kapab rele Sant Kontak Kliyan (Customer Contact Center, CCC) an nan 718-707-7771 pou rapòte ka dijans yo.

Anplwaye NYCHA yo k ap vizite apatman rezidan yo pou egzekite sèvis ak reparasyon ki endike pi wo yo pral pran mezi prekosyon anvan yo antre nan apatman yo, ikonpri, y ap poze kesyon sou sante rezidan yo epi y ap respekte pwotokòl distans sosyal yo.

Anplwaye yo kapab mete mask oswa yo ka mete gan tou etan y ap travay nan apatman rezidan yo, epi yo ka mande pou yo louvri fenèt yo pou ogmante ayerasyon pandan reparasyon an. Si li pa posib pou mentni kondisyon sante ki san danje, oswa si rezidan yo refize anplwaye yo antre, NYCHA ka oblije chanje dat randevou a.

Nan sèten ka dijans, anplwaye NYCHA yo ka bezwen antre kanmèm, avèk èd Zòn Sèvis Lapolis (Police Service Area, PSA) lokal la oswa avèk èd lòt entèvenan prensipal, si yon rezidan an danje oswa si gen aksyon imedyà ki nesèsè poutèt yon kesyon sekirite tankou fèmèn kondui gaz la. Nou espere ou konprann ke nou dwe priyoreze sekirite rezidan nou yo dabò, epi ke aksyon sa yo ka nesèsè pou n pwoteje ou menm ak vwazen w yo.

Tanpri note byen, nou ka modifiye sèvis sa yo nan jou k ap vini yo ofiramezi n ap resevwa plis direktiv nan men Eta New York ak otorite lokal yo konsènan prekosyon adisyonèl nou dwe pran pou kanpe pwopagasyon COVID-19.

Nou kontinye rann enfòmasyon COVID-19 yo disponib atravè sansibilizasyon dirèk pou rezidan yo, ki enkli apèl wobo, imèl, afich ki ekri nan plizyè lang, aplikasyon MyNYCHA, afichaj sou rezo sosyal toulejou, ak afich sou sitwèb rezidan nou yo, anplwaye yo ak piblik (tankou www.nyc.gov/nycha).

Tanpri rele CCC a nan 718-707-7771 si w bezwen mande pou yo vin fè yon reparasyon annijans. Reprezantan kalifye yo ap disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7.

N ap di w mèsè pou kolaborasyon, sipò ak opinyon enpòtan ke w kontinye bannou yo. Ansanm nou kapab kenbe kominote NYCHA nou an san danje epi ansante.